ILUSTRASI JOS

IA urung berkemas, setumpuk pakaian dan dua kantong oleh-oleh yang sempat dibeli tak jadi ditata koper. Telepon dari ibu baru saja diputus. Kabar mengenai segala hal yang menyangkut pulang kampung dia dapat. Ia tak bisa kembali ke rumah saat ini. Warga kampung dan pemerintah kota demikian waspada. Mereka yang datang dari luar kota akan diminta putar balik. Mereka harus berjaga, agar virus celaka tak turut datang bersama warga yang baru tiba. Mengingat Lebaran ini akan lain dari biasanya, ia terdiam. Matanya hanya menatap almanak, Lebaran nyaris sampai waktunya, tapi kali ini dia melewatinya sendiri di tanah perantauan. Sementara waktu tanah kampung halamannya tak menghendaki dirinya pulang.

Beberapa waktu yang lalu ia tak menduga Ramadan dan Lebaran kali ini akan teramat berbeda dari biasanya. Pagebluk yang datang dari negeri seberang mengacaukan semua rencana. Tak pernah dibayangkannya bahwa Lebaran ini ia akan menjalani seorang diri, tak ada acara terburu-buru bangun dan mengantre mandi sebelum berangkat sembahyang Id. Tak ada pula acara memakan ketupat dan sambal goreng sembari berfoto keluarga. Saudara-saudara yang selalu datang berpuluh jumlahnya, Lebaran kali ini pun mereka akan enggan bertandang. Segala macam hal yang biasa dilakukan tatkala Lebaran untuk waktu ini lenyap sementara waktu.

"Tak usah pulang dulu, tunggulah segala sesuatunya membaik," ucap Ibu di seberang telepon.

"Ya, kalau pulang sekarang selepas Lebaran akan sulit kembali ke sini," ia menjawab perlahan.

"Di sini tak ada yang pulang kampung. Mereka yang masih di kota lain pun tak pulang sepertimu," tambah Ibu. Kemudian cerita mengenai tetangga yang tertahan di Ibu Kota mengalir. Pekerjaan mereka sebagai tukang batu di Jakarta telah selesai bulan lalu, tetapi keadaan tak mengizinkan mereka kembali. "Kabarnya mereka harus tetap di Jakarta sampai virus itu pergi. Kasian, tapi tak ada yang bisa dilakukan selain bersabar."

Kesukaran-kesukaran memang silih berganti datang menjadi berita. Jutaan orang dalam sekejap tak memiliki pekerjaan. Usaha-usaha kecil gulung tikar dan entah apakah bisa bangkit kembali. Kecemasan lantaran penyakit yang sesungguhnya tak banyak dimengerti dan menimbulkan pertanyaan-pertanyaan seperti air bah yang siap menelan siapa saja. Keluh kesah lantaran rasa bosan lantaran tak bisa ke mana-mana silih berganti mampir di telinga.

Selama berbulan-bulan sudah rasa ingin bertemu tertahan tak bisa dilakukan. Gawai yang dulu tak lebih dari pelengkap hajat hidup, kini menjadi perantara dalam mengobati rindu meski sekadar lewat video call, telepon atau hanya lewat whatsapp. Lewat layar gawai lima inchi segala sesuatunya bisa terobati. Rindu yang membengkak di dada sedikit terobati, meski nyata tak bisa benar-benar hilang sama sekali.

Memanglah benar tak ada yang bisa dilakukan saat ini selain bersabar. Tak hanya dirinya yang tak bisa pulang kampung, kemenakan yang di Semarang, sepupu dan saudara yang bekerja di Jakarta pun urung pulang kampung tahun ini. Semuanya dipaksa menunda bertemu dan melepas kangen. Tahun ini seakan mereka semua diminta belajar untuk memahami arti kesendirian dan kesahajaan dalam sepi. Berlatih mengolah rasa sabar, berserah sepenuhnya kepada Gusti Allah yang memiliki hidup semua makhluk.

Ia mengembalikan pakaiannya ke dalam lemari di sudut kamar. Matanya nanar menatap oleh-oleh yang telanjur dibeli. Selanjutnya ia hanya termangu-mangu. Kapankah pagebluk celaka ini akan pergi? ❑-o

Yogyakarta, Mei 2020.

***)Artie Ahmad,** lahir di Salatiga, 21 November 1994. Saat ini tinggal di Yogyakarta. Beberapa cerita pendeknya dimuat media massa. Buku terbarunya 'Manusia-Manusia Teluk' Penerbit Buku Mojok, 2020.*

Oase

M ENTHIEH MUDAKIR - TEGAL

JALAN TUHAN

Sang Malaikat disuruh mengingatkan Penguasa alam
Jalan jangan ditutup rapat nanti rejekimu ditikam gelombang
Orang baik bilang, itu sababiyah, kau tidak memperdulikan
Suara itu, kata ibu, suara gentang, suara Sang Yang
Kau mbandel kaya Sakya tukang cukur pembangkang
Kau sendiri tak mau mendengarkan, malah kau agungkan kekayaan
Kau sunting adigang adigung, padahal ibumu sering bilang, serapah
Ya sudah, mudah-mudahan sejarah menukilkan kebenaran
Kata ibu lagi, Tuhan memaafkan, tapi tidak semena menggunakan bajuNya
Saatnya dirimu lahir kembali bersama renungan hikmah
Ceceran gerimis ibu bukan penyesalan tapi ranah kelam terbungkus awan
Mozaik sedang diperjalankan oleh geram laut pasang anakku.

KEPADA KATA

Sebait demi sebait aku baca
Sekata demi sekata aku rangkai
Menghadapi siksa belum semua luka
Menerima ala kadarnya belumlah bahagia

Kepada suara aku percaya
Kepada kehilangan aku niscaya
Kawan sahabat sebagaiman nubuat
Kawan sahabat berwasilah rekat

Sebait demi sebait aku baca
Sekata demi sekata aku rangkai
Makna demi makna aku riyalat
Masa demi masa aku mencecap.

AKU TULIS LAGU

aku tulis lagu hidup yang berwarna
seperti nyanyian balonku ada lima
rupamu-rupaku rupa-warna
keminclong di luar
keruh ke dalam
segelap lumpur comberan
seraut wajah koruptor
tersembunyi di spiteng
sepandai Fahri Hamza
sepantas mimik Fadli Zon
serupa bodoh Novianto
rupa rupa warnanya
hijau kuning kelabu

agamaku bukan agamamu
meletus balon hati rakyatmu
balonku tinggal hatinurani
dengan rumah parlemen
aku tidak percaya
kau lupa janji
dihianati sendiri
rupa rupa warnamu hilang
menghitam dan mengrjap

merahmudadanbiru
meletus lautku tak bergelora
gunungku tak mengembis
sawah ladangku kering
semua amblas ketelan
sisa sabu lupa dikonsumsi

2020

ganja gonjang ganjing
tongkang Nuh, muntah
tumprah berserak-serak
tas kresek penuh dolar
rupiah cuma bisa beli dawet
reklamasi, pabrik, jalan tol
kereta bawah tanah, gerobak rongsok
rupa rupa warnanya
balonku tinggal abab
kulepas sama saja!
2019

*) ***M Enthieh Mudakir**, lahir di Tegal 24 April 1963. Ketua Teater Wong Indonesia sejak 1992. Antologi puisinya, antara lain, Malam Begini Bening (1990), Koor Zaman (2002), Pesisiran DNP (2019), Negeri Penyair Desember (2019), Sapaku Kata (2019), Sastra Bulan Purnama 100 Tembi Rumah Budaya (2019), Merenda Kata Mendulang Makna Proses Kreatif Sastrawan Jawa Tengah (2019).*

MEKAR SARI

ILUSTRASI JOS

AKU kaget. Mripatku ora kedhep. Iki genah Mei Lan. Rolikur taun pisah nanging aku ora bakal pangling karo raine kang lonjong, lan mripate kang mung segaris yen ngguyu. Weruh dheweke aku kaya ngilo raiku dhewe. Mei Lan, kembaranku iku daktemokake neng layar Hp, sawuse rongpuluh taun aku kelangan lacak. Ora ngerti ana ngendi papan dununge sawuse kedadeyan kerusuhan Mei wektu semana. Gage dakbukak profil akun sing pasang fotone Mei Lan kang ngadeg ing antarane para wanita iku. Rumah Laras Jiwa! Dheg! Dhadhaku krasa kadhodhog. Profil Rumah Laras Jiwa sakala daktliti mbaka siji. Mei Lan mapan neng Rumah Laras Jiwa. Kembaranku iku...

"Paaa!" Aku mbengok. Hp-ku kedher neng tangan.

"Ana apa, ta?" Sisihanku gupuh marani. Mesthine pambengokku ngagetake anggone lagi njingglengi laptop. "Ngapa?" pitakone meneh karo njejeri lungguhku.

Aku ora bisa nyuwara. Merga mripatku dadakan dadi teles. Hp kang ana gambare Mei Lan ing satengahe kancakancane dak tuduhake. Sisihanku melu njingglengi. Sawetara meneng, banjur ngranggeh Hp saka tanganku. Dimatke. Di-*zoom*, nganti eseme Mei Lan cetha.

"Iki...Iki Mei Lan?" pitakone alon.

Aku mung manthuk. "Ayo, Pa, aku diterke marani dheweke."

"Kowe yakin?"

"Mula kudu ketemu, Pa." Aku njaluk kanthi adreng. "Nek wis ketemu mesthi dadi cetha, kuwi Mei Lan kembaranku sing sasuwene iki ilang apa dudu."

"Yaa... Aku tak ngrampungke laporan sedhela ya. Kurang sithik iki," kandhane sisihanku karo ngulungake Hp. "Mugamuga pancen bener dheweke."

Ngenteni sisihanku kang ngrampungake laporane, merga kudu nyambut gawe saka ngomah iku rasaku kaya suwe banget. Rumangsaku kok ora rampung-rampung. Rasaku dadi keplayu marang kedadeyan giris wektu semana. Sasine Mei, rolikur taun kepungkur nalika aku wong loro lagi wae arep mapan turu.

"Bakar! Bakaaar! Bakaaar!"

Swara kuwi rame banget. Aku ora ngerti apa karepe. Mung sing takeling-eling Mbak Sri ngekep aku lan Mei Lan. Sing momong aku kuwi menehi isyarat ngakon meneng. Raine Mbak Sri sing kaku, lan tangane sing ngewel ndredheg ora bisa ilang saka pangrasaku, nganti saiki. Nanging kabeh mung sedhela, nalika wong-wong padha munggah loteng sing dakrungu mung panjerite wong akeh. Mama lan Papa ora katon, sabanjure aku lan Mei Lan sing isih TK iku mung bisa nangis kekejer. Geni munggah loteng. Panas saben pojokan, nganti aku ora eling apa-apa. Aku saya nangis kekejer nalika weruh Mei Lan dibopong uwong, uwal saka tangane Mbak Sri kang ora cakup ngukup ngekep aku wong loro. Wiwit gegeran sasi Mei rolikur taun kepungkur kuwi, lagi iki mau aku weruh raine Mei Lan, ing akun *facebook* Rumah Laras Jiwa.

"Maaaa!"

Swarane sisihanku lirih wae, nanging klakon ngagetake rasaku kang lagi keplayu marang pengangen lawas iku. Papa *shock* nganti mlebu metu rumah sakit, lan ora ketututan nyawane nututi Mama sing luwih dhisik ora ana, telung taun sawuse gegeran kuwi. Aku diopeni Mbak Sri, oncat saka Jakarta. Sedhela melu neng desa, sadurunge Mbak Sri masrahake aku neng panti asuhan nalika aku mancik SMP. Mei Lan tetep ora ana tepake.

Dhin! Dhin!

Okh! Klakson iku menehi tandha yen sisihanku wis siyap. Aku nyeret sikil, nyeret pangangen kanggo bali nemokake Mei Lan. Kembaranku iku kudu ketemu. Senajan neng Rumah Laras Jiwa, papane wong-wong sing mbutuhake pitulungan kejiwaan kaya unine ing profil akun iku.

"Iya, Paaa!" Setengah mlayu, aku gage marani mobil kang siyap neng plataran. Aku tiba begja, bisa sekolah tutug, nyambut gawe lan nemu jodho sing becik lan gemati. Ora nate merkarakake asal-usulku. Wus mlaku rong taun anggonku omah-omah, senajan durung ana momongan ora dadi pepalang kanggo urip bareng kanthi rasa seneng. Upama bisa nemokake Mei Lan, kabegjanku saya wutuh.

"Ning ya kudu siyap nek kuwi mung madha rupa lo, Ma," kandhane sisihanku nalika mobil wiwit ninggalake plataran omah. "Aja kegedhen pengarep-arep," bacute.

Aku mung bisa nggeget lambe. Pengarep-arepku mula gedhe. Aku yakin kuwi mesthi Mei Lan. Aku lan dheweke *ulang tahun* ing sasi Mei iki, bakal dadi kadho *ulang tahun* paling istimewa yen pengarep-arepku mawujud dadi kanyatan.

Mobil nggleser, mlaku terus kanthi dipandhu nganggo GPS. Dalan-dalan durung pati rame, isih jroning kahanan pandhemi kaya ngene. Nganti GPS menehi tandha yen papan sing takgoleki wis tekan. Omah gedhe kanthi plataran jembar. Edhum, kanthi wit-witan gedhe. Ana wit jambu lan dhapuran pring kuning kang kopen. Gerbange bukakan, mobil bisa parkir ing plataran. Dhadhaku saya banter ketege. Jangkahku dakgelak, bel dakpejet. Musik *lembut* muni, nanging klakon nyuwek rasaku. Daketung menit kang mlaku, nganti ana wong lanang sedhengan mbukakake lawang, lan ngakon mlebu lan nunggu. Lungguh ing ruwang tamu, aku mung bisa nyawang papan iku. Pirang taun Mei Lan neng kene?

Aku nerangake karepku teka ing kono nalika sawijining wanita nganggo kudhung biarawati nemoni. Dheweke sedhela gumun, nanging banjur manthukmanthuk. Aku bungah nalika dijak mlebu lan dikongkon ketemu dhewe.

"Nanging ngatos-atos njih, Jeng. Mbak Ica... mmm wonten mriki naminipun Ica. Mbak Ica mboten gampil dipun jak wawanrembag. Menawi sumerep tiyang enggal lajeng bengok-bengok, lan girap-girap."

Aku manthuk, ngiyani kandhane wanita iku. Ora ana ukara kang kawetu. Kabeh kolu lan nyereti gulu. Mripatku teles, nelesi pipiku. Sisihanku nyekel pundhakku, aku kudu kuwat. Aku kudu mungkasi panandhange Mei Lan, sing ora ngerti apa wae sing dialami nalika gegeran wektu semana. Mesthi ana tatu kang nglarani ati lan ragane, kang njalari dheweke dadi kaya ngono. Mei Lan, kowe kudu mari.

"Nah....wanita ingkang linggih ing bandhulan menika. Leres menika ingkang penjenengan padosi?"

Aku weruh wanita sabarakanku lunggguh ing bandhulan kang digoyang alon. Meneng, ora ana sing ditindakake. Dakgegem epek-epeke sisihanku, golek kekuwatan nemoni kembaranku iku. Cetha kuwi Mei Lan senajan neng kene jenenge dadi Ica, merga nalika ditemokake Mei Lan ora kelingan apa-apa, jeneng wae lali. Ngono panjlentrehe biarawati iku.

Alon aku nyedhaki Mei Lan. Pranyata dheweke lagi rengeng-rengeng. Aku ngadeg ing mburine, niling-nilingke lagu sing dinyanyekke. *Twinkle twinkle litle star, how wonder what you are...* Mripatku saya teles. Kuwi laguku wong loro, sing biyen tansah dinyanyekke Mama saben arep mapan turu. Mei Lan ora tau apal bacute lagu kuwi. Kaya saiki ya mung larik kuwi thok dibola-baleni.

"*Twinkle twinkle litle star, how I wonder what you are...*" Mei Lan meneng, banjur nerusake nanging mung *melody*, tanpa ukara. "Em em em emmmm..."

Aku jumangkah alon, lan nyoba nerusake larik-larik candhake. "*Twinkle twinkle litle star, how I wonder what you are, up above the world so high, like diamond in the sky...*"

Larik-larik laguku durung rampung nalika Mei Lan, Ica iku mbalik lan njegreg mandeng aku. Mripate murup, dene mripatku saya teles. Aku kepengin nubruk lan ngekep kembaranku iku, nanging semelang yen ngagetake. Bisaku mung mbacutake nyanyekake larik-larik lagu kuwi. Nganti sabanjure, mripate kedhepkedhep, lambene kaya arep obah. Mripat sing mau murup malih kaya omong. Dheweke mung nuding aku, sedhela, sabanjure tiba semaput. Aku gage mlayoni lan ngekep Mei Lan, kanthi gupuh daktangisi.

Kabeh wis kliwat Mei Lan, ben wae dadi cathethan sejarah. Awake dhewe kudu ngeklasake, supaya ati legawa kanggo nerusake lagu ë*twinkle-twinkle litle stari*-mu supaya bisa wutuh. Aku nangis ngguguk. Atiku bungah.

Wayahe mindho, Mei 20

MACAPATAN

Pak Samidjo

Lindhu Ageng ing DIY dalah Jateng

(Kinanthi)

1. Kinanthi minangka pemut
duk lindhu ageng dumadi
ing wanci enjing duk semana
bumi horeg gonjang-ganjing
lir grah kapitu rasanya
lir kiyamat nggegirisi

2. Wulan Mei pitu likur
Setu Wage ingkang ari
rong ewu enem warsanya
tabuh nem kirang sakedhik
stunggal menit udakara
laminya kang bumi gonjing

3. Keh griya kang sami ambruk
pager bumi datan kari
rebah mblasah kasulayan
kekes kang sami ningali
lemah bengkah endhut muncrat
keh sumber toyane enting

4. Dene pusere kang lindhu
seganten clak Parangtritis
tlung puluh tri lebetnya
sing kitha Yogya watawis
tlung pluh pitu kilometeran
ing kidule Parangtritis

5. Kang nandhang 'geng risakipun
Kretek, Pundhong, Imogiri,
Banglipura, Banguntapan,
Pleret, P'yungan, Brebah, Jetis,
Prambanan myang Gantiwarna
Bayat, Cawas, ugi Wedhi

6. Pitung ewu wolung atus
tiyang kang nemahi lalis
kalih ewu sangang dasa
wewah nenem nandhang kanin
griya ingkang sami rebah
cacah satus ewu siji

7. Wonten gangsal koma pitu
Skala Richter gengireki
laminipun udakara
seket wewah sanga dhetik
meh semenit laminira
bumi gograg wanci enjing

KAGEM para kadang sing kagungan naskah cerita cekak, geguritan, utawa macapat, bisa kakirim ing Redaksi SKH *Kedaulatan Rakyat*, Jalan Margo Utomo 40-42, Yogyakarta 55232, utawa lumantar email *mekarsari.kr@gmail.com*. Menawa seratane magepokan karo bab utawa dina mirunggan diajab bisa kakirim udakara sewulan sadurunge. Matur nuwun. (**Redaksi**)